# Бир дана анардын баҳасы 4.33 АҚШ долларға туўра келмекте

Бир дана анардын баҳасы 4.33 АҚШ долларға туўра келмекте деп жазады

Өзбекстан экспортшылары бирлеспеси мәлимлеме хызметиниң берген хабарына сүйенип ӨзА сайты.

Image not found or type unknown

Өзбекстан Корея Республикасына анар экспортын жолға қойған.

Мәмлекетимизде жетистирилген мазасы тилжарар анарлардың бир данасы орташа 1 килограмм тас басатуғыны, бул анарлар Қубла Кореяның ең ири супермаркети “Emart”да сатылып атырғаны айтылмақта. Бир дана анардың баҳасы 4.33 АҚШ долларына туўра келмекте.

Усы жыл анарларымыз ишки базарларымызда да алдынғы баҳасынан бираз қымбат болыўы мүмкин. Октябрь айының басында күтилмегенде ҳаўа райының төменлеп кетиўи анарлардың сапасына өзиниң тәсирин тийгизди. Бул анарлардың сақланыўы қәсийетин кемейтеди.